Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ олимпиадэ

11-нэ класс

ПыIэзэфIэхь махуэщ ди зэманыр
ГъащIэр ней кхъузанэм идгъэгъэкI
Лъэпщ къыдожьэ щIэту и кIыщ иным
Узыхуейр Iэ дакъэм къыщIегъэкI.

ТырырекI ди гъогум къыддэ**мыхъуыр**.
Хъуэн къумыхьу сакъу еужьэрэкI
ГуIгъэтIысу къуытэ хабзэ **мыхъуыр**
Уи **мыхъуыр** лъахъэнэм тегъэжыкI.

ПыIэзэфIэхь махуэщ ди зэманыр
Ди лъэпкъ тхыдэр нахуэу дыгъэджыж
ПэжкIэ уIэгъэжьхэм сеIэзэнущ
Пэжыр лIыгъэщ лIыгъэр лъым хэджэж.

ГуащIэм щемыблэжщи щхьэр гъэлъащэ
Лъэпкъым и къэкIуэнум егупсыс
Псэжьхэм нэмыукIытэу техьэлъащэ
ХьэпэщыпхэзехьэхэР гъэсыс.

Акъыл жаныр уи маисэу гъабзэ
Лъэпкъ гупсысэм къуитынщ гукъыдэж
Уи псэр щэи къэщэху напэ къабзэ
Шыбзэу гъуанэ тхыдэм ар щыдэж.

Сонэ А.

А. Усэм фыкъеджэ.

1. Офографиемрэ пунктуациемрэ ехьэлIа щыуагъэхэр къыхэвгъуати зэвгъэзэхуэж.
2. «Мыхъур» псалъэ къыхэгъэщхьэхукIахэр я лексическэ мыхьэнэкIэ дапхуэдиз хъурэ: зы псалъэ, псалъитI, псалъищ? Жэуапыр вгъэтэмэм.
3. Ней кхъузанэ – **ней** псалъэм сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэу къыщыкIуа мы усэм? Нэгъуэщ1 мыхьэнэ мы псалъэм иIэу иджыри къэфхьыт. Сыт мыпхуэдэ псалъэхэм зэреджэр?
4. Маисэ – мы псалъэм къикIыр сыт (усэм щыхэтым)? Иджыри сыт хуэдэ мыхьэнэ
иIэнкIэ хъуну?
5. Шыбзэ – сыт мыр зищIысыр?
6. Къэщэху – псалъэм ударенэ тегъэувэ
7. Згъэпсыфынущ - псалъэр и зэхэтыкIэкIэ зэпкърыхын
8. Мы псалъэухахэр синтаксическэ зэпкърыхыныгъэ щIын.

**Мы усэм нобэ еджахэм шэч къытрахьэнкъым Сонэ А. зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъу, адыгэ псалъэр шэрыуэу къэзыгъэсэбэп усакIуэхэм зэращыщым.**

**Мы усэм еджахэм нобэ шэч къытрахьэнкъым Сонэ А. зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъу, адыгэ псалъэр шэрыуэу къэзыгъэсэбэп усакIуэхэм зэращыщым**

Б. I. УсакIуэм художественно-изобразительнэ Iэмал къигъэсэбэпахэр вгъэбелджылы.

2. Усэр зытепсэлъыхьыр фи псалъэкIэ (прозэ жыпхъэм тету) къэфIуэтэж.
(КъыщыфIуэтэжкIэ, авторым жиIэну зыхуейр къызэрывгурыIуар къэвгъэлъагъуэ)

Азэмэт т1эк1у-т1эк1уурэ утыку ихьэрт. Ар зыхуеджэ адыгэбзэр щ1агъуэу къэзымылъытэхэр иджы гупсысэу псэлъэн, заплъыхьу т1ысын хуей хъурт. **Алихъан зи нэхъыжь ик1и зи пашэ адыгэбзэ отделенэм щ1эс гупым къигъэлъэгъуат уи анэдэлъхубзэр псом нэхърэ зэрынэхъ лъап1эр.** Уи лъэпкъ культурэ, литературэ, бзэ, лъэпкъ 1уэху зепхуэнумэ, уи гъэгур хуитт. Алихъан адыгэбзэ отделенэм зэрыщеджэм иригушхуэрт ик1и и гурыф1 къыщик1хэм деж и 1эшхуэхэр зэтригъэауэрти гуф1эу и ныбжьэгъу нэхъыщ1эр зрикъузыл1эрт.

5 **а) Псалъэуха къыхэгъэщам псалъэ зэпха 2-3 къыхэтхык1ын** Адыгэбзэ отделенэм щ1эс. Алихъан щ1эныгъ

**б) Зи къэпсэлъыкэрэ зи тхык1эрэ зэтемыхуэ псалъэхэр къыхэтхык1ын:**

5 **9.** Уэ пщ1эрэ уи щ1алэ ц1ык1ур
Хы 1уфэм щепэзэзэхыу?

[illegible]

4 **а) Усэм пыщэн (едзыгъуэ ет1уанэр иухыху)**

1 **б) Пычыгъуэр къызыхэха тхыгъэм и ц1эр** Нанэ

1 **в) Зытха авторыр -** Щоджэнцыкъу Алий

**г) Хэкумрэ анэмрэ теухуауэ сыт хуэдэ псалъэжьу 4 къэхьын?**

375